



## KONSANTMAN POU OPERASYON AK LÒT SÈVIS MEDIKAL TANPRI LI AK ANPIL ATANSYON

Etikèt Pasyan an

1. Mwen bay konsantman mwen pou entèvansyon \_\_\_\_\_ medikal ki vin apre a ak kote (si li aplikab):  Pa aplikab  Dwat  Goch  Toude kote  Yo ap detèmine kote a

---

---

---

(Kalite ak gwosè operasyon an. Ekri tout mo yo an lèt, pa abreje epi idantifye kote / nivo entèvansyon ki dwe fèt la, si li aplikab).

**Mwen konprann entèvansyon sa a dwe fèt/oswa fèt anba sipèvizon Dr.\_\_\_\_\_ nan lokal Bayhealth ki vin apre a:\_\_\_\_\_.**

Mwenn konprann gen kèk travay enpòtan nan operasyon an se pratisyen yo ki kapab fè yo olye pou se doktè presipal la. Moun sa yo se kapab lòt pratisyen/enfimyè ki anrejistre, premye asistan, asistan medikal, rezidan, etidyan medsin epi/oswa enfimyè pratisyèn. Mwen rekonèt Mwen gen posiblité pou mwen pale, poze kesyon epi jwenn repons pou nenpòt kesyon ki gen rapò ak entèvansyon an, tankou posiblité pou mwen fè pratisyen an konnen tout enfòmasyon ki pa t pibliye anvan sa.

Yo te byen esplike mwen rezon ak objektif entèvansyon an, dyagnostik la ak kondisyon ki afekte mwen yo, tretman an oswa entèvansyon an epi 1) lòt metòd tretman ki rezonab, 2) risk yo, 3) posiblité pou gen konplikasyon, 4) rezulta mwen kapab jwenn si mwen pa fè tretman, 5) pwoblèm mwen kapab jwenn ki gen rapò ak lè pou m refè epi 6) chans ki genyen pou sa reyisi. Okenn moun pa t ban mwen okenn garanti oswa asirans konsènan rezulta mwen kapab jwenn nan.

2. Mwen bay konsantman mwen pou moun ki gen otorizasyon pou bay anestezi a ban mwen anestezi li kapab konsidere ki nesesè oswa li rekòmande.
3. Mwen bay konsantman mwen pou yo kapab itilize tisi oswa pati nan kò mwen yo retire pandan operasyon an, likid òganik, film radyografi, ak lòt materyèl, ansanm ak enfòmasyon medikal ki konsène mwen, nan kad etid rechèch, nan piblikasyon rezulta yo ak nan ansèyman. Mwen bay konsantman mwen pou Bayhealth Medical Center retire nenpòt tisi oswa pati nan kò mwen yo kapab retire.
4. Nan objektif pou gen pwogrè ki fèt nan ansèyman medikal, Mwen bay konsantman mwen pou yo pran epi pibliye nenpòt foto, san wete foto vidéyo, pandan operasyon sa a epi pou yo kite lòt moun, tankou elèv yo, vin gade nan sal operasyon an.
5. Mwen mande epi mwen bay konsantman mwen pou yo reyanime mwen nèt, si sa nesesè, pou yo pa neglige nenpòt Enstriksyon Mwen te ranpli Anvan sa.
6. Mwen konprann gen yon seri pratisyen ki kalifye, men ki pa doktè, ki **kapab** fè kèk pati enpòtan nan operasyon an. Mwen konprann tou, pratisyen sa yo ap sèlman fè travay ki gen rapò ak sa yo ap pratike a epi travay lopital la ba yo privilèj pou yo fè a.
7. Bayhealth se yon enstitisyon ansèyman. Medsen rezidan yo kapab fè kèk pati ki enpòtan nan operasyon an. Yo prevwa pou doktè ki suiv yon seri pwogram rezidans apre inivèsite epi ki apwouye yo fè kèk pati nan operasyon an. Se nan moman operasyon an, yo ap deside ki rezidan ki ap patisipe nan operasyon an epi ki fason yo ap patisipe. Se medsen anseyan an ki ap sipèvize rezidan yo, se li menm ki ap di kiyès ki kapab soti nan sal operasyon an pou kèk, oswa tout, travay operasyon rezidan yo ap fè si li detèmine pa gen danje pou sa fèt.



\*3CNTT\*



Fòm No. P8352 (6/23)

PÈSONÈL MEDIKAL

Page 1 of 2



## KONSANTMAN POU OPERASYON AK LÒT SÈVIS MEDIKAL

Etikèt Pasyan an

*Pou Bayhealth Medical Center ak doktè ou la, sa enpòtan anpil pou ou konprann nenpòt trètman ak nenpòt entèvansyon doktè ou la kapab fè. Antanke pasyan, ou gen dwa pou yo ba ou esplikasyon yon fason pou ou kapab deside, apre ou fin byen reflechi, si ou ap fè operasyon an oswa si ou p ap fè li. Ou gen dwa pou ou retire konsantman ou lan epi, pandan ou ap reflechi sou dwa sa a, pou ou bay konsantman ou epi pou ou vle fè operasyon an. Siyen fòmilè sa a sèlman apre ou fin pale avèk doktè sou tout bagay, apre ou fin konprann enfòmasyon yo epi apre li fin reponn tout kesyon ou yo.*

MWEN SÈTIFYE MWEN TE LI EPI MWEN BYEN KONPRANN KONSANTMAN POU ENTÈVANSYON KI PI WO A , YO TE BAN MWEN EKSPLIKASYON SOU SA KI GEN RAPÒ AVÈK LI YO, EPI YO TE FIN RANPLI TOUT PAJ VID AK TOUT DEKLARASYON YO TE DWE ATACHE OSWA RANPLI YO EPI YO TE MASKE PARAGRAF KI PA APLIKAB YO, SI GENYEN, ANVAN MWEN SIYEN. YO PA T FÒSE MWEN SIYEN FÒM SA A EPI MWEN SIYEN LI PASKE MWEN VLE.

(Temwen)

(Siyati Pasyan an oswa Moun ki Otorize pou Siyen pou Pasyan an)

DAT \_\_\_\_\_ LÈ \_\_\_\_\_

(Si se nan telefòn yo te resevwa konsantman an, siyati temwen kontwòl la obligatwa)

(Relasyon ak pasyan an)

DAT \_\_\_\_\_ LÈ \_\_\_\_\_

### Afimasyon Medsen ki ap bay Tretman pou KONSANTMAN BYEN REFLECHI

Mwen \_\_\_\_\_ fè pasyan ki site pi wo a, oswa moun ki gen otorizasyon pou bay konsantman pou pasyan an, konnen kondisyon medikal ki mande yon operasyon pou tretman an epi/oswa pwosedi dyagnostik anplis ki site pi ba a. Mwen te eslike, sou baz jijman medikal ki aseptab la, rezon ak objektif tretman oswa entèvansyon yo epi 1) lòt metòd tretman ki rezonab yo, 2) risk yo, 3) posiblite pou gen konplikasyon, 4) rezulta pasyan an kapab jwenn si li pa fè tretman an, 5) pwoblèm pasyan an kapab jwenn ki gen rapò ak lè pou li refè epi 6) chans pou operasyon an reyisi.

\_\_\_\_\_  
Non Doktè a

Dat: \_\_\_\_\_ Lè: \_\_\_\_\_

### Entèpretasyon pou Konsantman (Sèlman lè sa Apwopriye):

Yo te fè pasyan ki site pi wo a jwenn enfòmasyon an nan lang: \_\_\_\_\_ (mete lang lan). Moun ki te entèprete li a se yon entèprt ki kalifye

\_\_\_\_\_  
Siyati Tradiktè a

\_\_\_\_\_  
Non Tradiktè a An Lèt Detache epi Nimewo Identifikasiyon Ajans lan

/ /  
Dat \_\_\_\_\_ Lè \_\_\_\_\_

(Si yo ap itilize CyraCom oswa yon lòt sèvis tradiksyon telefonik oswa vidyeo, bay non entèprt la ak Nimewo Identifikasiyon ajans lan epi dat ak lè yo te bay sèvis la).